Association pour la Promotion de la Langue Wolof en République Islamique de Mauritanie (APROLAWORIM)
tel : 22 46 29 72

Association pour la Renaissance du Pulaar en République Islamique de Mauritanie (ARPRIM)
tel : 46 96 19 58

Association Mauritanienne pour la Promotion de la Langue et de la Culture Sooninké (AMPLCS)
tel : 46 40 03 69

---

21 Feeviriyee bës bi ñu jàgleel ci adina bi, làkk wi nga nàmp.

« Njàng ci làkk yu wuute, lu war la ngir soppi njàng mi »

21 Feeviriyee mooy bës bi (uneskoo) jàgleel ci adina bi, làkk wi nga nàmp. Ni ñu kay amale ci adina bi, mbootaayi mboor yi ci réew mi, (ARPRIM, AMPLCS, ak APROLAWO) dañu kay màggal at mu ne, ngir leral gëdd njàng ci làkk wi nga nàmp ci daara yi, ñaax wuuteb làkk ak mboor te gënna degaral bennoo askan wi.

Li ñuy waxtaane at mii ci 21 Feeviriyee mooy (njàng ci làkk yu wuute, lu war la, ngir soppi njàng mi) njàng moo xam ni, ci gis-gisu uneskoo, day tàmbali ci làkk wi kee jàng gëna xam, ganaaw gi ñu duggal yenneen làkk ndànk-ndànk. Gis-gis wii, sukkàndiku ci adina bi, ci njàng ci làkk wi nga ñàmp, te bokk ci li tax askàn wi gënna ubbeeku, di boole te di baale, day yombal ay caada ak gis-gis yu wuute mën ànd.

Tay la mbootaayi caada yi gëna gëm, te gëna sawar, ndax njureefi gëstu yi, ci wàllu njàng, ak xalaati njàngin. Gestu bi, ak jëmmal, wone nañu, ci lu leer ni, jëfandikoo làkk wi nga nàmp lu mënul nàkk la, ci njàng mu baax, ni ko yii wonee :

- Jëmmal ak jéemant yi am ci adina bi, jëm ci njàng ci làkk wi nga nàmp wone nañu ni, xale yi ñungee gëna man jàng ci làkk yi ñu nàmp.
- Jéemant wi am ndam, ci njàng ci làkk yi ñu nàmp, pulaar, soonike wolof, ni ko xayma yi joge bitim réew wonee, (breda-unesco) ak yi joge ci biir réew mi (MEN), te daaray làkki réew mi ñu ray defoon ko. Ñaari xayma yooyu yepp denkaane woon nañu yaatal njàng moomu ci daara yepp.

Ci sunu réew, 21 feviriyee mungi nów ganaaw bi ñu amalee daara ngir yokkute ak njàng ci làkki réew mi (IPELAN) muy jeego bu am solo, ngir jeggi jafe-jafe wi jëkk, wi sunu njàng ci réew mi jànkoonteel.

Mbootaayi caada yi ci réew mi, yeewu ci wareefi amal njàng ci làkk yu wuute, ndax adina bi nekk benn, ak mbaaxu demakaraasi, dañuy xelal ni, ndongo yi war nañu xàm bu baax, ganaaw seen làkk wi ñu nàmp, yenneeni làkki adina bi aki làkki diwaan bi, ngir mën bokk ci askan wu gëna yaatu, te def seeni loxo ni mu ware ci adina bi ñu nekk. Mbootaay yi ñungee denk nguuru Muritani :

- Jëmmal ci ni mu gëna gaaw, ak ci anam yu gëna wóor, njang ci làkk yi ñu nàmp ci banqass yepp, ci gis-gisu njàng mu baax te yemale ñepp.
- Jox (IPELAN) nit yu fay toog, sukkandiku ci man-man, gëm-gëm ak yelloo.
- Yoonal làkki réew mi, pulaar, sooninke, wolof, nuy lu war ngir am ndam ci njàng ci làkki réew mi.

NKTT 21 Feewiriyee 2023
Lekkaleb mbootaay yi